

**(Lyen Lakay) Inite 2: Zanmi: Semèn 3**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou an pral aprann sou zanmitay. Eseye owmen twa nan aktivite aprantisaj amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo w chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochè. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>(Anrapò ak: <i>A Letter to Amy</i>, <i>Dandelion</i> ak <i>Hooray a Pinata</i>)</p> <p>Narasyon (Rakonte Istwa): Pale pitit ou de yon selebrasyon ou te asiste epi fè yon teyat avèk sa. Kèk mo ou kapab itilize nan istwa enkli selebrasyon, fèt, nòs, anivèsè, envitasyon.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki selebrasyon ou pi renmen? Pou ki sa? ● Ki kalite bagay moun pote nan selebrasyon an? 	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Sa a se yon powèm pitit ou dwe abitye avè l. Resite l epi fè mouvman yo avèk men w.</p> <p style="text-align: center;">Mix a Pancake Mix a pancake. Stir a pancake. Pop it in the pan. Fry the pancake. Toss the pancake. Catch it if you can. –Christina Rossetti</p>
<p style="text-align: center;"><u>Dekouvèt</u></p> <p>(an rapò ak: <i>Matthew and Tilly</i>)</p> <p>Limonad Lakay: <i>Men sa w ap bezwen pou fè li :</i></p> <ul style="list-style-type: none"> ● 4 sitwon, 1 (yon) tas sik, 6 tas dlo, yon po ji, <p><i>Men sa w ap gen pou fè:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> ● Woule chak sitwon ak pla men w sou yon kontwa oswa sou yon tab. Sa ap rann li pi fasil pou peze yo e ede yo bay plis ji. Koupe sitwon yo an mwatye. Pije yo nan yon bòl. Ajoute dlo, ajoute 1 (yon) tas sik. Brase tout bagay ansanm. <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki gou w panse l ap genyen? ● Pou ki sa w panse nou ajoute sik? ● Ki sa nou te fè an premye, an dezyèm, et setera? 	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Jwèt konparezon:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Melanje kat yo 2. Distribye kat yo egal-ego bay chak jwè. 3. Jwè yo vire kat yo an menm tan pou yo wè kilès ki gen kat ki gen plis valè a (pa egzanp 8plis ke 5). 4. Jwè ki gen nimewo pi gwo an ap pran kat yo (si kat yo egal, jwè yo ap vire yon lòt kat pou yo wè kilès ki gen plis valè). 5. Lè yo fin jwe ak tout kat yo, rekòmanse ankò. <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ki jan w fè konnen _____(8) pi gwopase____(4)? ● Ki jan w kapab konnen kilès ki te gen plis?

Pale E Li Ansanm (20 minit)

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou.

Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou zanmi!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

<u>Liv n ape li lekòl la</u> <i>Dandelion</i> , ekriven: Don Freeman <i>Hooray a Pinata</i> , ekriven: Elisa Kleven	<u>Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:</u> <i>Feast for Ten</i> , ekriven: Cathryn Falwell <i>Birthday Party for Frances</i> , ekriven: Russell Hoban <i>Lion Dancer Ernie Wan's Chinese New Year</i> , ekriven: Kate Waters
---	--

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **bouquet** (“boukeflè”) se yon gwoup flè.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Pou ki sa w panse *Dandelion* te byen abiye pou fèt Jennifer a?”